

Nim. 202.24

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinyite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyasyon katastwòf la**

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) pou sispann oswa modifye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas a ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, ap sispann oswa modifye pwovizwaman, pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 25 me 2020, sa nou pral site la yo:

- Seksyon 6801 nan Lwa sou Edikasyon an (Education Law), nan tout anplè ki nesèsè pou otorize famasyen ki akredite yo pase kòmman tès COVID-19 yo, ki te apwouve pa Administrasyon Manje ak Medikaman an (Food and Drug Administration, FDA), pou detekte SARS-CoV-2 oswa antikò li yo, epi pou administre tès COVID-19 ki sijè a kondisyon sètifika egzansyon yo konfòmman a Lwa 1988 sou Amelyorasyon Laboratwa Klinik Federal (federal clinical laboratory improvement act of nineteen hundred eighty-eight), pou pasyan ke yo te sispèk ki gen yon enfeksyon COVID-19, oswa ke yo te sispèk ki te rekipere de yon enfeksyon COVID-19, ki sijè a achèvmman fòmasyon ki apwopriye ki te devlope pa Depatman Sante a (Department of Health);
- Soudivizyon (6) nan seksyon 571 nan Lwa sou Sante Piblik la (Public Health Law), nan tout anplè ki nesèsè pou pèmèt yo chwazi famasyen ki akredite yo kòm yon pwofesyonèl sante ki kalifye nan objektif pou ka dirije yon laboratwa ki bay sèvis limite, konfòmman a soudivizyon 579(3) nan Lwa sou Sante Piblik la, pou teste pasyan ke yo sispèk ki gen yon enfeksyon COVID-19 oswa antikò li yo a kondisyon ke tès sa a se yon tès ke FDA te apwouve epi egzante pou itilizasyon nan yon laboratwa ki bay sèvis limite; epi

AN PLIS DE SA, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstwiksyon pandan yon ijans nan sitiyasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstwiksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 25 me 2020:

- Eleksyon espesyal ki gen pou fèt pou biwo Konsèy Vil la nan 37^{yèm} distrik la, avèk dokiman sa a, yo anile epi biwo sa yo ta dwe ranpli nan eleksyon jeneral yo.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany

nan vennsenkyèm jou mwa avril nan ane de
mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a